

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun adegan wacana paguneman dina acara “Milang Béntang” AKTV. Adegan wacana nu dimaksud nyoko kana tilu komponén atawa unsur nu ngawengku (1) penggelan pasangan paguneman, (2) pola interaksi panyatur, jeung (3) pananda distribusi giliran nyarita. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan tilu komponén paguneman téh bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, Dalapan pasangan baku nu dimaksud nyaéta 58 pasangan salam, 217 pasangan pananya-jawaban, 50 pasangan paménta-panyatuju, 5 pasangan paménta-panolak, 4 pasangan tawaran-panarimaan, 1 pasangan tawaran-panolak, 1 pasangan panyawad-paménta hampura, jeung 14 pasangan panyawad-pamungkir. Opat pasangan anyar nu kapaluruh ngawengku 12 pasangan panyawad-pangangken, 11 pasangan pamuji-panarimaan, 1 pasangan pamuji-panolak, jeung 5 pasangan pangharepan-panyatuju. Dumasar kana hasil analisis, pasangan paguneman nu panglobana nyaéta pasangan pananya-jawaban kalayan dominasi 57% tina sakabéh jumlah data penggelan pasangan paguneman.

Kadua, pola interaksi panyatur dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV nyaéta sipat rantayan paripolah omongan antara panyatur jeung mitra tutur nu kabagi jadi pola rantayan ngaranté jeung pola rantayan meulit. Dumasar kana hasil analisis, kapaluruh 217 pola interaksi panyatur nu ngawengku 202 data rantayan ngaranté jeung 15 data rantayan meulit. Pola interaksi panyatur panglobana dina paguneman acara “Milang Béntang” nyaéta pola rantayan ngaranté kalayan dominasi 93%.

Katilu, pananda distribusi giliran nyarita nu kapaluruh aya 401 nu ngawengku 217 pananda wangun pananya, 57 pananda wangun paréntah, jeung 127 pananda wangun wawaran. Dumasar kana hasil analisis data, pananda distribusi giliran nyarita nu panglobana nyaéta wangun pananya kalayan dominasi 54%.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, pedaran, jeung kacindekan nu geus dipedar saméméhna, katitén yén dina lumangsungna hiji paguneman diperlukeun ayana pamahaman unggal panyatur kana giliran nyaritana. Pamahaman kitu téh diperlukeun supaya omongan nu dikedalkeun ku unggal panyatur teu pagedrug. Nalika unggal panyatur paham kana giliran nyaritana, penggelan paguneman nu lumangsung tangtu leuwih idéal.

Implikasi nu bisa dilarapkeun tina hasil ieu panalungtikan ngeunaan adegan wacana paguneman hususna dina pangajaran basa, salasihijina bisa dijadikeun sumber ajar pikeun mahasiswa, utamana dina widang pragmatik. Mahasiswa dipiharep mampu ngarundaykeun komponén-komponén atawa unsur nu nyampak dina hiji wacana paguneman.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana pedaran nu geus didadarkeun saméméhna, aya sababaraha rékomendasi nu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan dianalisis dumasar kana tilu tina sapuluh komponén wacana paguneman nu ngawengku penggelan pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, jeung pananda distribusi giliran nyarita. Ieu hal téh dibalukarkeun ku samporétna waktu panalungtikan nu teu ngamungkinkeun pikeun dilaksanakeunna analisis kana sapuluh komponén wacanana. Ku kituna, bakal leuwih hadé lamun ka hareupna ieu panalungtikan téh dijembaran deui analisisna dumasar kana sapuluh komponén wacana paguneman.

Kadua, pananda distribusi giliran nyarita nu kapaluruh dina ieu panalungtikan masih nyoko kana tiori baku nu ngawengku pananda wangun pananya, paréntah, jeung wawaran. Ku kituna, bakal leuwih hadé lamun panalungtikan satuluyna bisa ngungkab pananda séjén minangka pananda distribusi giliran nyarita nu husus aya dina paguneman masarakat Sunda.